

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Naskah mangrupa hasil karya sastra ti hiji wewengkon nu jadi warisan sacara turun-tumurun, ogé mangrupa karya tinulis nu ngaliwatan pikiran jeung rasa salaku hasil budaya jaman baheula. Nurutkeun Koswara (2017), naskah nyaéta wacana atawa téks hasil tinulis, biasana dibeundeul atawa dibukukeun (lain hasil citakan) atawa buku nu eusina wacana sacara tinulis. Naskah teu leupas tina basa jeung sastra nu mangrupa dua hal anu béda tapi silih mangaruhan tur silih euyeuban. Basa miboga kalungguhan pikiran, pamadegan, sawangan, kahayang, jeung ide panyatur ka pamiarsa, boh sacara lisan atawa tulisan.

Di wewengkon Sukahayu, perenahna di Kacamatan Cimaragas, kapaluruh naskah-naskah wawacan nu sacara turun-tumurun diwariskeun. Salasahijina nyaéta naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”. Ieu naskah anu baris diguar dina ieu panalungtikan, naskah ditulis dina aksara Arab Pégon, basa anu dipakéna nyaéta basa Sunda. Hiji naskah kudu ngaliwatan prosés talaah, maca jeung nafsirkeun. Aya téknik husus pikeun maca jeung nafsirkeunna, sabab biasana naskah Sunda Kuno ditulis dina aksara Pégon, Cacarakan, jeung sajabana nu mindeng jadi bangbaluh pikeun masarakat. Ku kituna akademisi jeung nu bisa maca miboga tanggung jawab pikeun ngayakeun panalungtikan mangrupa transliterasi tina éta naskah sangkan bisa dipikaharti ku balaréa jeung karasa mangpaatna sangkan bisa dilarapkeun.

Prosés transliterasi mangrupa hal nu kacida pentingna dina ngaguar hiji naskah. Ngaliwatan prosés transliterasi, bakal apal kana sagala rupa eusi dina naskah. Transliterasi mangrupa hiji métode nu sistematis pikeun ngarobah karakter tina hiji jenis abjad atawa lambang sora kana jenis abjad séjén (Atina spk., 2012). Transliterasi dianggap perlu lantaran mangrupa salasahiji tarékah pikeun ngarti kana eusi naskah heubeul sangkan bisa kacangking mangpaatna ku balaréa. Nurutkeun Djajasudarma (dina Ruhaliah, 2012, kc. 28) yén tarjamahan mangrupa (a) ngagantikeun naskah basa sumber jeung naskah basa sasaran anu

saimbang atawa sabanding, jeung (b) ciptaan dina basa sasaran kudu sabanding tur wajar jeung nu pangdeukeutna jeung eusi basa sumber boh tina wangenan ma'na boh tina gaya basana. Dumasar kana éta pamadegan katitén yén (1) objék tarjamahan nyaéta basa nu sacara tinulis, (2) panarjamah kudu bisa mindahkeun eusi naskah asli sagemblengna, (3) basa tarjamahan kudu wajar atawa alamiah, jeung (4) dina prosés tarjamahan kudu ditéangan padanan nu dinamik, hartina padanan konstéktual lain padanan nu saukur ma'na léksikal dina tataran nu tangtu.

Kiwari masarakat geus jarang nu bisa maca kana naskah, boh nu aksarana Pégon boh nu aksarana Cacarakan. Padahal ayana naskah wawacan bisa nambahan pangaweruh maca. Pon kitu deui pangaweruh basa ngeunaan karya sastra heubeul, hususna wawacan nu geus kasilihkeun ku ayana budaya jeung paham deungeun, nu matak ngurangan jeung ngaleungitkeun kasadaran pikeun ngaraksa jeung ngariksa budaya sorangan. Saéstuna eusi dina wawacan pinuh ku ajén-inajén luhung nu bisa dijadikeun picontoeun jeung dilarapkeun dina kahirupan nyaéta ajén kaagamaan. Ajén kaagamaan mangrupa konsép ngeunaan ajén-inajén luhung nu aya pikeun jalma anu ngagem kapercayaan sangkan dijadikeun pedoman atawa cecekelan dina ngalakukeun hiji hal, ogé pikeun ngaguar kabiasaan jeung falsafah hirup jaman baheula anu bisa dijadikeun pieunteungeun jeung pangajaran dina kahirupan sapopoé.

Panalungtikan saméméhna anu ngarojong kana ieu panalungtikan dilakukeun ku Suherman (2017), medar ngeunaan kalungguhan jeung fungsi dina naskah *Wawacan Pandita Sawang sebagai Naskah Keagamaan: Tinjauan Kedudukan dan Fungsi*. Hasil tina éta panalungtikan ngeunaan ajaran kaagamaan, dina éta naskah aya opat pupuh nyaéta 1) pupuh asmarandana anu eusina ngeunaan takdir manusa, alam dunya jeung ahérat, 2) pupuh sinom eusina ngeunaan diciptakeunna manusa jeung rukun Islam, 3) pupuh dangdanggula eusina ngeunaan sungsang balik, jeung 4) pupuh kinanti eusina ngeunaan rukun Islam. Lian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu dilakukeun ku Saefullah (2018) nu medar ngeunaan *Tradisi Produksi Naskah Keagamaan di Jawa Barat: Studi Kasus di Cianjur*. Éta panalungtikan ditélélakeun yén produksi naskah ngawengku tulisanana, nyalin,

jeung citakan. Panulisan naskah dilakukeun ku pangarang ti kalangan ulama anu ngahasilkeun karya mangrupa karangan, susunan, kumpulan, jeung *syarah*. Jenis-jenis éta karya ilaharna kapanggih di Cianjur. Ieu hal nunjukkeun ayana sabab-akibat tradisi nulis naskah kaagamaan pikeun salasihiji cara transmisi paélmu jeung kamekaran éta élmu.

Panalungtikan saacanna dina wangun skripsi nu sawanda jeung ieu panalungtikan kawilang loba di antarana, "Ajén Kaagamaan dina Naskah Guguritan " Dangdanggula nu jadi Mamanis" Karya Kalipah Apo (Ulukan filologi jeung Hermeneutik" ku Nanda Meilinda (2019) anu medar ngeunaan ajén kaagamaan, ulukan filologi jeung hermeneutik dina guguritan Dangdanggula nu jadi Mamanis. "Ajén Kaagamaan dina Wawacan Samaun (Ulukan Filologi)" ku Yedi Sudrajat (2016) anu medar ngeunaan ajén kaagamaan dina wawacan Samaun sarta ulukan filologina.

Sababaraha panalungtikan anu geus dilaksanakeun téh miboga sasaran, nyaéta ngeunaan pamarekan analisis ajén kaagamaan dina wawacan. Sedengkeun anu ngabédakeunana nyaéta objek panalungtikan. Sanajan geus aya panalungtikan ngeunaan transliterasi jeung ajén kaagamaan dina karya satra, tapi can kungsi aya nu nalungtik ajén kaagamaan dina naskah wawacan "Layang Carios Abduloh". Ieu panalungtikan dianggap perlu sabab jadi alternatif pikeun maluruh harti jeung ngaguar ajén kaagamaan nu nyampak dina naskah wawacan "Layang Carios Abduloh".

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho eusi jeung ajén kaagamaan nu nyampak naskah wawacan "Layang Carios Abduloh". Ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh pikeun masarakat, boh masarakat lokal (Sunda) boh masarakat luar sacara nasional. Lian ti éta, ieu panalungtikan dijadikeun sumber pikeun ngawanohkeun budaya Sunda nu pinuh ku ajén-ajén luhung pangna dina nyangkem eusi teks dina naskah.

Dumasar kana pedaran di luhur, perlu diayakeunna panalungtikan kalayan judul "Transliterasi jeung Ajén Kaagamaan dina Naskah Layang Carios Abduloh".

## 1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan

Dumasar kana kasang tukang di luhur, bisa dirumuskeun sababaraha masalah anu diébréhkeun dina wangun pananya saperti ieu di handap.

- a. Kumaha déskripsi, idéntitas, jeung kaayaan naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”?
- b. Kumaha hasil transliterasi téks naskah wawacan “Layang Carios Abduloh” tina aksara Pégon kana aksara Latén?
- c. Ajén kaagamaan naon waé nu nyampak dina téks naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”?

## 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nu dibagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

### 1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun medar tur maluruh ngeunaan transliterasi jeung ngadéskripsikeun ajén agama dina naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”, sarta pikeun ngaguar ajén kaagamaan nu nyampak dina éta naskah.

### 1.3.2. Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan di antarana:

- a. ngébréhkeun déskripsi, idéntitas, jeung kaayaan naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”;
- b. midangkeun hasil transliterasi téks naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”; jeung
- c. maluruh ajén kaagamaan nu nyampak dina naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”.

## **1.4 Manfaat Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat tina segi tioritis, praktis, kawijakan, sarta tina segi isu jeung aksi sosial.

### **1.4.1. Manfaat tina Segi Tioritis**

Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh anyar jeung dipaké pikeun ngadéskripsikeun ngeunaan transliterasi naskah jeung pikeun ngaguar ngeunaan ajén kaagamaan anu nyampak dina naskah wawacan “Layang Carios Abduloh”.

### **1.4.2. Manfaat tina Segi Praktis**

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat di antarana:

- a. pikeun panalungtik, bisa ngajembaran élmu pangaweruh tina widang nu digarap, miboga data hasil panalungtikan ngeunaan transliterasi naskah wawacan “Layang Carios Abduloh” sarta ajén kaagamaan anu aya dina éta naskah;
- b. pikeun masarakat, tina hasil transliterasi jeung ajén kaagamaan bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh sarta bisa nyokot mangpaat tina eusi naskah pikeun pieunteungeun dina kahirupan;
- c. pikeun guru, bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maham kana eusi wawacan di SMA kelas XI;
- d. pikeun mahasiswa, bisa dijadikeun bahan pustaka dina panalungtik satuluyna.

### **1.4.3. Manfaat tina Segi Kawijakan**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi implikasi keur masarakat sangkan ngariksa kabudayaan Sunda saperti wawacan nu pinuh ku ajén-ajén luhung. Lian ti éta, ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif pamaréntah dina raraga invéntarisasi naskah-naskah wawacan.

#### **1.4.4. Mangpaat tina Segi Isu jeung Aksi Sosial**

Hasil tina ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh pikeun nu maca ngeunaan ajén-ajén luhung nu nyampak dina wawacan sangkan dijadikeun picontoeun jeung pieunteungeun. Salian ti éta, dipiharép bisa bisa ngarojong aktivis kasundaan pikeun ngainventarisasi naskah nu aya di tatar Sunda sangkan bisa dimumulé.

### **1.5 Struktur Organisasi Skripsi**

Struktur organisasi skripsi miboga fungsi pikeun méré gambaran ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Ieu skripsi disusun jadi sababaraha bab, nyaéta saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, jeung mangpaat panalungtikan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Samémehna jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori anu jadi dadasar panalungtikan. Dina ulikan pustaka medar ngeunaan filologi, transliterasi, wawacan jeung ajén kaagamaan.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar ngeunaan méthode panalungtikan anu dipaké dina ieu panalungtikan anu ngawengku; désain panalungtikan, sumber data panalungtikan, téhnik panalungtikan nu ngawengku téhnik ngumpulkeun jeung nganalisis data, sarta instrumén panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina medar ngeunaan analisis data jeung pedaran hasil panalungtikan anu dipatalikeun jeung tiori-tiori nu dipedar dina bab II.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékomendasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil panalungtikan jeung saran pikeun panalungtik ka hareupna.